*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№29 (26481)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 20 февраль – æртхъирæны мæйы 20 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 НÆ ДУДЖЫ ХЪАЙТАРТÆ *Æндонау бахсыстис йæ уд*
3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ
4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Регионалон программæ**

## «Æхсарджын Ирыстон»: ахуырты æртыккаг къæпхæн

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд сæрмагонд регионалон ахуырадон программæ «Æхсарджын Ирыстон»-ы кæронбæттæны архайджытимæ. Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы проекты архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ.**







Ацы бонты ахицæн ахуырадон семинарты æртыккаг къæпхæн, сæйрагдæр дзы уыдысты хицаудзинады регионалон æмæ муниципалон оргæнты æххæстбартæ, се 'рвылбоны куысты ахсджиагдæр фарстатæ. Цалдæр боны дæргъы программæйы архайджытимæ куыстой республикон министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ – фæхай сын кодтой сæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинадæй. Ахуырадон лекцитæ та амыдтой УФ-йы Президенты цур Паддзахадон службæ æмæ адæмон хæдзарады академийы ахуыргæндтæ æмæ иннæ специалисттæ.

Программæйы архайджытæн практикон фембæлдтытæ сарæзтой хицаудзинады оргæнты, æнæниздзинад хъахъхъæнынады, културæйы, спорт æмæ социалон лæггæдты кусæндæтты. Ахуырты æртыккаг къæпхæны кæронбæттæны алчидæр ныффыста тесттæ æмæ ратта фæлварæнтæ.

Фембæлды райдайæны Сергей Меняйло сæрмагондæй фæбæрæг кодта, программæйы архайджытæ ахуыртæм цымыдисдзинад кæй æвдисынц, æппæт хæслæвæрдтæ дæр бæрнонæй кæй æххæст кæнынц, райгуырæн республикæйæн пайдайаг специалисттæ суæвынмæ кæй тырнынц, уый.

– Программæйы уагæвæрдтыл кусгæйæ, бацархайдтам, цæмæй сымах æппæтвæрсыг профессион æмæ удварнон райрæзтæн уа æмбæлгæ уавæртæ, цæмæй уæ алчидæр æххæстæй равдиса йæ хъомыс. Ныфс мæ ис, семинартæ æмæ иннæ ахуырты цы ног зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад райстат, уый уын фидар бындур кæй суыдзæн уæ дарддæры цардархайды ног æнтыстдзинæдтæн, – бафиппайдта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Ахуырадон æмæ лекцион семинарты æртыккаг хай кæд ахицæн, уæддæр программæйы архайджытæн уæгъд рæстæг бирæ нæ уыдзæн: ныр та сæм æнхъæлмæ кæсынц стажировкæтæ хицаудзинады оргæнты, стæй сæ рауагъдон проекттыл куыст...

Фембæлды архайджытæн уыд регионы разамонæгмæ сæ фарстытæ раттыны фадат. Уыдон баст уыдысты профессион ахуырад адарддæр кæнынимæ, куысты бынæттæ дæттынимæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн социалон æххуыс æмæ æндæр ахæм хъуыддæгтимæ. Алкæцы фарст æмæ курдиаты фæдыл дæр райстæуыд бæстон дзуаппытæ.

Ныхасы архайæг уыдысты, хæстæгдæр рæстæг æфсæддон-патриотон хъомылады центр «Авангард»-ы ахуыртæ кæмæн райдайдзысты, сæрмагонд æфсæддон операцийы уыцы архайджытæ дæр. Ацы æрыгон хæстонтæ та сæ ахуырты фæстæ кусын райдайдзысты скъолатæ æмæ æндæр ахуырадон кусæндæтты директорты æфсæддон-патриотон хъомылады фарстаты фæдыл хæдивджытæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Парламенты Советæй**

## Зæххытæй хъæуы сæ нысанмæ гæсгæ пайда кæнын

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг ТХОСТАТЫ Мурат.**

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

Советы уæнгтæ байхъуыстой «2023-2024 азты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æрæфы районы бюджетæн Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджетæй лæвæрд трансферттæй куыд пайдагонд æрцыд, уый сбæрæг кæныны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Цæстдарæн-нымайæн палатæйы хъусынгæнинагмæ. Раныхасгæнæг уыд Палатæйы аудитор **Айларты Алан.** Куыд загъта, афтæмæй бæрæггæнæн мадзæлттæ арæзт æрцыдысты куысты пъланмæ гæсгæ æмæ рабæрæг кодтой, Æрæфы районы иумæйаг бюджеты æфтиæгты пълан 2023 азы æххæстгонд кæй æрцыд 99,6 процентæй, кæнæ та се 'фтиæгтæ рауадысты 603,983,4 мин сомы; 2024 азы та – 687,103,7 мин сомы, кæнæ та пъланы 101,2 проценты. Фæлæ фæфылдæр, районы бюджетмæ цы хъалонтæ æмæ фиддонтæ хъуамæ цæуой, уыдонæй хæс дарыны бæрц дæр. Цæстдарæн мадзæлтты фæрцы рабæрæг хъæуонхæдзарадон зæххытæй сæ нысанмæ гæсгæ алкæд пайдагонд кæй нæ цыд, ахæм цаутæ дæр. Ахæм зæххыты фæзуат уыд 1676 гектары. Халæн цаутæ аиуварс кæныны хæс æвæрд æрцыд районы разамынды раз. Фæстаг дыууæ азы бюджеты хæрдзтыл ныхас кæнгæйæ, Айларты Алан загъта, хæрдзтæн сæ фылдæр – 60 проценты кæй уыдысты ахуырады къабазыл. Хæрдзтæ баст уыдысты, мызды æппынкъаддæр бæрцыл кæй бафтыд, ахуыргæнджыты хицæн къордтæн уæлæмхасæн бафыстытæ кæй уыд, «Точки роста» æмæ профилон кълæстæ скъолаты кæй фæзынд, ацы æмæ æндæр хъуыддæгтимæ.

Хъæуонхæдзарадон нысаниуæджы зæххытæй пайда кæнын æмæ сын афоныл фидыны æгъдауимæ баст уыд Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæйы** фиппаинаг.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы фарстаты фæдыл комитеты сæрдар **Остъаты Георги**. «Зæххытæй пайда кæныны фиддонты хæс фæстаг дыууæ азмæ районы фæфылдæр 35,4 проценты. Рабæрæг, зæххы хæйттæй сæ нысанмæ гæсгæ пайдагонд кæй нæ цыд, ахæм цаутæ дæр, уыимæ, фыццаг хатт – нæ. Æгъдаухалджытæ æфхæрд не 'рцыдысты. Халæн цаутæ аиуварс кæныны тыххæй Парламент хæссы уынаффæйы проект бæлвырд амынддзинæдтимæ», – загъта депутат.

Фарстайы фæдыл йæ хъуыдытæ загъта Цæстдарæн-нымайæн палатæйы сæрдар **Хъæлыцты Инал.**

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бинонты политикæйы тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект æркæсынмæ рахаста Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**. Закъонæвæрынадон хъæппæрис рахаста нæ республикæйы Сæргълæууæг. Ныхас цæуы бирæсывæллонджын бинонтæн æххуысы мадзæлттыл, бæлвырддæр ахуыргæнæндæтты ахæм ахуыргæнинæгтæн хъарм хæринæг лæвар дæттыныл. Раздæр уыцы хъуыддаджы уыд кармæ гæсгæ æвæрд гæрæнтæ æмæ ныр иуварсгонд цæуынц.

Социалон æххуысы мадзæлттыл ныхас цæуы, Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдары хæдивæг **Джиоты Георги** æркæсынмæ цы закъоны проект рахаста, уым дæр. Ныхас цæуы, 35 азы онг кæуыл цæуы, ахæм æрыгон бинонтыл. Закъоны проект фидар кæны, астæуккаг-профессионалон кæнæ уæлдæр ахуыргæнæндоны ахуыр чи кæны нырма уал, афтæмæй, уæлдæр амынд кары студенттæ уæвгæйæ, сывæллон чи хæссы кæнæ сывæллон хæссынмæ чи райста, уыдонæн уæлæмхасæн социалон æххуысы мадзæлттæ.

Советы уæнгтæ ма цы закъонты проекттæ равзæрстой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Черчесты Аслан, Еленæ Князева, Качараты Олег, Киситы Мурат**.

Уымæй уæлдай, депутаттæ байхъуыстой Парламенты Закъонæвæрынадон архайды пъланмæ æмæ Парламенты иуæй-иу комитеттæ æмæ къамисты скондмæ ивддзинæдтæ бахæссыны фарстатæм. Уыдоны фæдыл ныхас кодта Тхостаты Мурат.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**



**Фæндаггон хæдзарад**

## Чапаевы уынджы хиды цалцæгæн...

**Дзæуджыхъæуы, Чапаевы æмæ Калинины уынгтæ цы хид иу кæны, уый бындурон цалцæгæн нысангонд цæуы 2 миллиард сомæй фылдæр. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Фæндаггон хæдзарады комитеты пресс-службæ.**

Комитеты минæвары ныхасмæ гæсгæ, ацы хид, стæй фæндаггон инфраструктурæйы иннæ ахсджиаг объектты нывылады хъуыддаджы агентад «Росавтодор» æмæ иннæ федералон профилон ведомствæтæ алкæддæр рæдау æххуыс бакæнынц республикæйæн.



«Чапаевы хид ныридæгæн лæвæрд æрцыд республикон исбонадмæ. Хиды рацарæзтимæ бастæй, æрæджы сбæлвырд кодтам, объекты цалцæгæн хъæугæ проектон-сметон документаци чи бацæттæ кæндзæн, уыцы куыстуат. Уыимæ, æмбæлгæ гæххæттытæ паддзахадон экспертизæйы хатдзæгимæ хъуамæ цæттæ уой июны мæймæ. Уый фæстæ æвзæрст æрцæудзæн хиды бындурон рацарæзтыл бæрнон подрядчик. Рагагъоммæ куыд нысангонд цæуы, афтæмæй объекты бындурон цалцæгæн 2027 æмæ 2028 азты лæвæрд уыдзæн 2,2 миллиард сомы бæрц», – радзырдта комитеты минæвар.

Цалцæггæнæн куыстыты райдайæны агъоммæ та уал бæстондæр цæстдард уыдзæн хиды техникон уавæр æмæ бæлццæтты æдасдзинадмæ. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ хиды быцæутæ иуцалдæр раны афаз сты. Ныр специалистты сбæлвырд кæнын хъæуы рæстæгмæ техникон мадзæлттæ, цæмæй быцæуты уавæр цауддæр ма фæуа.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Оперативон штабы æмбырд**

## Фыццаградон цæстдард – æдасдзинады мадзæлттæм

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд Террористон фæзындтытæ ма 'руадзыны фарстаты фæдыл республикон къамис æмæ Оперативон регионалон штабы иумæйаг æмбырд.**

Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы æмæ Сылгоймæгты дунеон бонтимæ бастæй дзыллон мадзæлтты æдасдзинадæн æмбæлгæ фадæттæ саразыны, террористон фæзындтытæй транспорты инфраструктурæйы, ахуырадон æмæ социалон нысаниуæджы æндæр объектты æдасдзинад хъомысджындæр кæнын æмæ æндæр ахæм фарстатæм.

Боны фæткы фарстаты фæдыл докладтæ скодтой Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады пъæлицæйы хицауы хæдивæг **Агънаты Уырызмæг**, УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы хицауы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Николай Иванов,** Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æххуысгæнæг **Вадим Лесь**, республикæйы национ ахастдзинæдтæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан** æмæ иннæтæ.

Тыхы структурæтæ æмæ иннæ профилон ведомствæты минæвæртты докладтæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло æппæт бæрнон кусджытæн дæр бафæдзæхста, цæмæй уæлдай бæстон цæстдард уа бæрæгбæтты кадæн дзыллон мадзæлтты, стæй, адæм бирæгæйттæй кæм вæййынц, иннæ уыцы бынæтты æдасдзинадмæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Æз мæ цард нæ ныммайын æвгъауыл: цард цæуы, æхсæрдзæнтæй кæлы...*

*КАЛОТЫ Хазби*

**Уæрæсе – Хуссар Ирыстон**

# Культурæйы бонтæ – Цхинвал æмæ Мæскуыйы

**Мæскуыйы апрелы мæйы арæзт æрцæудзысты Республикæ Хуссар Ирыстоны Культурæйы бонты мадзæлттæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодтой республикæйы Культурæйы министрады.

Ведомствæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, дыууæ бæстæйы профилон ведомствæтæ ныридæгæн бавнæлдтой уыцы ахсджиаг культурон-рухстауæн акцимæ цæттæгæнæн куыстытæ. Культурæйы бонты равдисдзысты Хуссар Ирыстоны паддзахадон драмон театры спектакльтæ, адæмон кæфтыты паддзахадон ансамбль «Симд»-ы концерттæ, цхинвайлаг нывгæнджыты куыстыты равдыстытæ...



Хуссар Ирыстоны Культурæйы бонтæ Уæрæсейы Федерацийы уыдзысты 20-22 апрелы. Ведомствæйы куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй мадзалы сæйрагдæр нысан у Мæскуыйы цæрджытæ æмæ уазджыты базонгæ кæнын хуссарирыстойнаг культурæ æмæ аивадимæ, фæхъомысджындæр кæнын Хуссар Ирыстон æмæ Уæрæсейы адæмты ‘хсæн æмархайд æмæ æппæтвæрсыг бастдзинæдтæ.

Июны мæйы та Хуссар Ирыстон «суазæг» кæндзæн Уæрæсейы Федерацийы Культурæйы бонтæ. Уыдоны фæтк æмæ сæ архайджыты номхыгъд бæлвырдгонд æрцæудзæн фæстæдæр.

**(Информацион агентад «Спутник»)**

**Барадон фæтк**

# Бæлццоны исбон йæхи бакодта

**Аэропорт «Дзæуджыхъæу»-ы пъæлицæйæн цы хайад ис, уырдæм йæ курдиат балæвæрдта Мæскуыйы цæрæг сылгоймаг.**

Уый куыд рахабар кодта, афтæмæй, æдасдзинады мадзæлттæ æххæстгæнгæйæ, аэропорты кусджытæ бæлццæтты кæм басгарынц, уыцы бынаты ныууагъта йæ къухылдаргæ сахат (50 мин сомы аргъ). Фæстæдæр ма йæ бæргæ бацагуырдта, фæлæ сахат фесæфт, сылгоймаг æй цы контейнеры нывæрдта, уырдыгæй.

Оперативон-агурæн мадзæлттæ саразгæйæ, пъæлицæйæгтæ раиртæстой, сахат адавынæй кæуыл фæгуырысхо сты, аэропорты уыцы кусæджы – республикæйы цæрæг 49-аздзыд нæлгоймаджы.

Куыд сбæрæг, афтæмæй гуырысхойаг бафиппайдта, транспортеры лентæйæ сахат пъолмæ кæй æрхауд, уый. Йæ алыварс афæлгæсгæйæ, нæлгоймаг сахат амбæхста. Фæстæдæр гуырысхойаг йæ азымыл басаст, сахат дæр слестгæнджыты къухтæм ратта.

Æмбырдгонд оперативон-агурæн æрмæджыты бындурыл УФ-йы Мидхъуыддæгты министрады слестгæнджытæ УФ-йы Уголовон кодексы 158-æм статьяйы 2-æм хаймæ («Искæй исбонад адавыны цау») гæсгæ, гуырысхойаджы ныхмæ сарæзтой уголовон хъуыддаг. Зæгъын хъæуы, амынд статьяйы уагæвæрды бындурыл аххосджынæн 5 азы онг ахæстоны фæбадыны тæрхон рахæссæн кæй ис, уый дæр.

Слест цæуы дарддæр.

**УФ-йы Мидхъуыддæгты министрады пъæлицæйы цæгаткавказаг линейон-транспортон управлени**

**Истори æмæ удварны хъомыс**

# Цымыдисаг балц – Венгриаг Аланимæ

**Рæстæг æгъатыр у – ивгъуыд дуджы хæзнатæ æмæ æвдисæнтæ арæх рохуаты аззайынц, фæд дæр сæ нал вæййы. Фæлæ – табу Хуыцауæн – ис, историон æвдисæнтæ, удварны ратæдзæнтæ æвдисæг æрмæджытæ бахъахъхъæнынæн, фидæны фæлтæртæм сæ фæхæццæ кæнынæн йæ цард чи снывонд кодта, ахæм адæймæгтæ. Нæ уыцы ‘мдугонтæй иу, æнæмæнг, у хæдбындур курдиаты хицау – фыссæг, Ирыстоны истори æвæллайгæ иртасæг АЛÆГАТЫ Сергей.**

Авторы романтæ æмæ иннæ прозæ хорз зындгонд сты чиныгкæсæгæн, нырыккон литературæйы бацахстой сæ бынат. Фæлæ Алæджы-фырты бирæвæрсыг архайд æрмæст литературон сфæлдыстадæй нæ хицæн кæны. Сергей ма у, нæ адæмы раздæры цардмæ бар чи дары, Ирыстоны историйы фæзилæнтæ бæстон рахатынæн, ивгъуыд дуг цæстытыл ауайын кæнынæн фадат чи дætты, ахæм къамтæ æмбырдгæнæг. Æмæ сæ æрмæст æмбырд нæ кæны, фæлæ сæ рæдауæй хæссы адæмы рæгъмæ – алкæцы ахсджиаг къам дæр йæ бынат ссары сæрмагонд джиппы уагъд альбомы.

Ахæм чингуытæ – къамты альбомтæ уал Сергейæн бантыст цалдæр бацæттæ кæнын æмæ мыхуыры рауадзын. «Православная Алания в верховьях Кубани», «Туристические дороги древнего Иристона» æмæ «Дореволюционные храмы Владикавказа» фæлгонцгонд æрцыдысты, историон æгъдауæй аргъ кæмæн нæй, иртасджытæ æмæ хуымæтæг чиныгкæсджытæн хъæздыг информаци чи дætты, ахæм къамтæй. Уыимæ, уыцы æрмæджытæн сæ фылдæр ныронг мыхуыргонд нæ уыдысты!..

Æмæ та – ног лæвар, Ирыстоны истори цымыдисаг кæмæн у, ног æрмæджытæ базонынмæ чи тырны, уыцы адæмæн. Фæззæджы рухс федта Сергейы ног альбом «Венгерская Алания. Путешествие в прошлое».

Автор йæ ног иртасæн куыстмæ цы ‘рмæджытæ бахаста, уыдон æмбырд кодта 15 азæй фылдæр. Куыд зæгъы, афтæмæй дзæвгар рæстæг «фæкъахта» Интернеты тыгъдад, уæрæсейаг æмæ европæйаг коллекционертæ æмæ антикварты хъæздыг æвæрæнтæ басгæрста... Афтæ, алы гуырæнтæй спайдагæнгæйæ (къамты иу хай балхæдта коллекционертæй, иннæтæ та бацагуырдта архивты), бамбырд цымыдисаг æмæ хъæздыг æрмæг. Ныр бирæ азты куыст чиныджы хуызы рухс федта – цы ма уа уымæй æхсызгондæр иртасæгæн! Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æрмæст авторæн нæ...

Ног чиныг йæ къухмæ чи райста, чи йын рафæлдæхта йæ зынаргъ æмæ лæгъз гæххæттыл мыхуыргонд сыфтæ, уыдоны дисы æфтауынц йæ историон хъæздыгдзинад, йæ бæстон цыбыр уацхъуыдтæ æмæ сæйрагдæр та – йæ аив къамтæ (уыдоны техникон æнаипдзинадыл дæр автор æмæ йе ’ххуысгæнджыты бахъуыд бирæ фæтухæнтæ кæнын, цæмæй ногæй сæ хуыз скалой).

Иу ныхасæй, мыхуыры рацыд, Ирыстон æмæ Венгрийы рагон ахастдзинæдтæ цæстуынгæ æрмæджыты фæрцы ирдæй æвдыст кæм цæуынц, ахæм зонадон-рухстауæн куыст. Чиныджы сæйрагдæр хай систы облæст Ясшагы (Венгриаг Аланийы) административон центр – Ясберень æмæ йæ алыварс горæттæ æмæ хъæуты (уыдоны абон дæр цæрынц аланты (ясты) байзæддæгтæ) рагон нывтæ. Къамтæ ист æрцыдысты XIX-æм æнусы кæрон – XX-æм æнусы райдайæны. Чиныгкæсæг дзы фендзæн горæттæ æмæ хъæуты сæйраг уынгтæ æмæ зындгонддæр бæстыхæйттæ къамтæ, стæй уыцы рæстæджы дзырддзæугæдæр æмæ кадджындæр ясты фæлгонцтæ...






Ясберень. Горæты уынгтæй иу

«Ныртæккæ Венгрийы чи цæры, уыцы ястæн сæ нымæц у 200 мины бæрц. Сæ фылдæр баззадысты сæ рагфыдæлты бæстæ – район Ясшагы цæргæйæ, сæ иу хай афтыд сыхаг регионтæм, стæй Будапешт æмæ æндæр горæттæм», – фыссы автор чиныджы разныхасы.

Ис дзы æндæр цымыдисаг хабæрттæ дæр. Афтæ: «Дыккаг Дунеон хæсты рæстæг Венгрийы зæхх (æмæ комкоммæ – облæст Ясшаг) немыцаг-фашистон æфсæдтæй сæрибар кодта уæды инæлар-лейтенант Плиты Иссæ. Зындгонд командæгæнæджы æфсæдты штаб уæд уыд Ясберены»... Уæды рæстæджы ист Иссæйы къам дæр рафидыдта чиныджы фæрстæй иуыл...

Автор, наукон редактор, чиныгуадзæн «Ир» æмæ иннæ сфæлдыстадон къорд сæ зæрдиаг фæллойæ хъуамæ разы уой – сæ иумæйаг куыст фæрæстмæ. Бузныг зæгъын æмбæлы, чиныг рухс кæй рæдау æххуысы фæрцы федта, уыцы дыууæ адæймагæн – мæскуыйаг ахуыргонд Сергей æмæ амалхъом Александр Долгаевтæн дæр.

Бирæ, æнæмæнг, бирæ арфæйаг ныхæстæ зæгъæн ис Алæгаты Сергейы ног альбомы тыххæй, бирæ скъуыддзæгтæ æмæ нывтæ дзы æрхæссæн ис, фæлæ æппæты растдæр та, æвæццæгæн, уыдзæн чиныг хи къухмæ райсын. «Венгерская Алания. Путешествие в прошлое», æнæдызæрдыгæй, уый аккаг у – историон-рухстауæн хъæздыг æрмæгæй барухс кæндзæн чиныгкæсæджы зæрдæ, бафтаудзæн æй арф хъуыдытыл, сифтонг æй кæндзæн ног зонындзинæдтæй...

**СЛАНТЫ Аслан**

**Нæ дуджы хъæйтартæ**

# Æндонау бахсыстис йæ уд

**Æрæджы нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло кадджын хæрзиуæг майдан «Ирыстоны Намысæн»-æй схорзæхджын кодта сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг Баскаты Георгийы. Æрыгон лæппу хæсты уыдис йæ тæккæ цæхæры, уыд денджызон фистæгæфсæддонты 40-æм гвардион бригады командир. Сыгъдæгзæрдæ æмæ бæрнонæй æххæст кодта, уæлдæр æфсæддон командæкæнынад ын-иу цы хæстæ бабар кодта, уыдон. Уæззау цæфтæ байиафгæйæ, 29 операцийы фæстæ тохы быдырæн йæ хъарутæ нал «сбæззыдысты», æмæ йæ хæстмæ нал ауагътой. Афæдзæй фылдæр госпитæльтæ æмæ Мæскуыйы зындгонддæр рынчындæтты Георгийы цардыл тох кодтой нæ бæстæйы хуыздæр æмæ фæлтæрдджындæр дохтыртæ. Кæд йæ къæхтыл æрлæууыд, уæддæр æм нырма разæй кæсы фæстаг, 30-æм операци. Георгийы рынчындонæй куы рафыстой, уæд æрцыд йæ райгуырæн Ирыстонмæ.**

**Кæуылты уыдис йæ хиуæттæ, хæстæджытæ æмæ хъæубæсты циндзинад! Цин кодтам мах дæр, газет «Рæстдзинад»-ы коллектив. Æмæ куыннæ, Георгийæн йæ фыдыфыд Тæтæрийы кæстæр æфсымæр Уырызмæг у не ‘мкусæг, æмæ уыдтам, Георги уæззау цæфтæ куы фæцис, уæд Уырызмæг йæхицæн бынат куыд нал ардта, сагъæс æмæ йын мæт йæ уд куыд хордтой, уый... Стæй фехъуыстам, хъæбатыр хæстоны дохтыртæ мæлæты дзæмбытæй кæй фервæзын кодтой. Тынг æхсызгон нын уыдис, Георги нæм редакцимæ куы ‘рбацыд, уый дæр. Зæрдæйæ зæрдæмæ йемæ фæныхас кодтам, æмæ нын нæ фæрстытæн дзуаппытæ дæр ратта.**



**– Георги, сæрмагонд æфсæддон операцийы размæ цы архайдтай, цæмæ бæллыдтæ?**

– Æз райгуырдтæн Æрыдоны 2000 азы. Æфсæддонты бинонты ‘хсæн не схъомыл дæн, фæлæ ирон адæмы уидæгтæм куы ныккæсæм, уæд фендзыстæм, нæ фыдæлтæ рагæнустæй фæстæмæ дæр хæстонтæ кæй уыдысты. Иу ахæм хæст нæ бæстæйы историйы нæй, æмæ дзы ирон фæсивæд ма архайой. Мæн æфсæддон суæвын тынгдæр æрфæндыд, райдайæн кълæсты куы ахуыр кодтон, уæд телеуынынады æвдыстой сериал «Кадетство». Йæ сюжет, йæ хъайтарты хъысмæт мæ тынг бацагайдтой. Уæд мæм тынг кадджын фæкаст æфсæддон дæсныйад, æмæ сфæнд кодтон мæ хъысмæт, мæ архайд æфсадимæ сбæттын. Мæ ныййарджытæ Олег æмæ Лаурæ зонгæ дæр нæ бакодтой, афтæмæй 5 къласы фæстæ Суворовон училищæмæ фæлварæнтæ æнтыстджынæй раттон æмæ сдæн æвзонг курсант.

Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ йæ каст фæдæн æмæ та дарддæр бацыдтæн Мæскуыйы уæлдæр æфсæддон командон училищæмæ. Æфсæддон цæттæдзинады бындур æвæрд æрцыд ме уæнгты, æмæ уæлдæр бынаты уыдтæн, скъолайы фæстæ чи бацыд ардæм, уыдонæй. Æфсæддон дæсныйадмæ уарзондзинад мæ риуы бонæй-бонмæ сыгъдис. Сабидуг нæ банкъардтон, уымæн æмæ Суворовон училищæйы 12-аздзыдæй базыдтон царды бирæ хъуыддæгтæн аргъ кæнын. Мæ чысылæй фæстæмæ дæр ахуыр дæн фидар фæткыл, алцыдæр хъуамæ йæ бынаты уа. Дисциплинæ мæ царды сæйрагдæр уаг уыд æмæ у абон дæр.

**– Цавæр фæлварæнтæ раттай Суворовон училищæмæ?**

– Физикон культурæ, англисаг æмæ уырыссаг æвзæгтæ. Англисаг æвзаг скъолайы ахуыр кодтон æмæ йæ ныхасы æмвæзадыл зонын. Физкультурæ мын зын нæ уыдис, уымæн æмæ спорты архайдтон самбо æмæ къуххæстæй (рукопашный бой). Спорт адæймаджы хъæддых æмæ фидар кæны, куыд тыхæй, афтæ зондахастæй дæр. Æппæт домæнтæ дæр-иу сæххæст кодтон, уыдтæн спорты мастермæ кандидат дæр. Фæлæ æмбæрстон, фидæны афицер кæй дæн æмæ мæ æрмæст уыцы фæндагыл цæуын кæй хъæуы, æмæ ахуыры ‘рдæм мæхи сарæзтон. Æфсæддон училищæйы фæстæ службæ кодтон дард Камчаткæйы денджызон фистæгæфсæддон 40-æм бригады ротæйы командирæй.

**– Сæрмагонд æфсæддон операцимæ дæхи фæндæй ацыдтæ?**

– Украинæйы хæстон цаутæ куы нæма райдыдтой, уæд мæ зæрдæ банкъардта, абон уа-райсом мæ царды хæст кæй бавзардзынæн, уый. Истори фæлхатгæнгæ цæуы. Хæсты цæхæр ссыгъдис, уæд æфсæддонæн æвзарыны бартæ нæй, фæлæ йæм Фыдыбæстæ кæдæм фæсидтис, уырдæм хъуамæ æвæстиатæй атагъд кæна. Мæнæн дæр уый мæ хæс уыд.

**– Уæззау цæфтæ куыд фæдæ?**

– Цы ротæйы сæргъы лæууыдтæн, уый Угледар райста. Мæ бæрны уыд 40-аздзыд хæстонты къорд: бархионтæ, контрактниктæ æмæ, мобилизацигонд чи уыдис, ахæмтæ. Æз та, сæ командир, 22-аздзыд лейтенант. Иууылдæр уыдысты хъайтар æмæ ныфсхаст лæппутæ. Афтæ мæм каст, цыма мæ хъысмæт фæлваргæ кæны, æндæр ахæм кары хæстонты сæргъы æрыгон лæппуйæн æнцон æрлæууæн нæ уыд. Уый мæнæн стыр бæрнондзинад уыдис. Æмбæрстон, алкæуыл дæр дзы дзуапп кæй дæттын, уый. Угледар куы райстам, уæд дзы чидæртæ фæмард сты. Æз та фæцæф дæн. 31 декабры машинæйы шофыры фарсмæ бадтæн, уæлдæр командæкæнынад мын бахæс кодта иу хъуыддаг, æмæ уый фæдыл араст кодтам. Фæндагыл нæ байиафта знаджы рæмудзæн æрмæгимæ дрон. Мæ шофыр Александр Соснин ма рагæпп кодта кабинæйæ, æз та ницыуал бамбæрстон.

Иу рæстæг мæхимæ æрцыдтæн æмæ ауыдтон, бæлæсты астæу куыд ныссагътæн, машинæ та зынджы амæттаг куыд баци, уый. Мæ бон фезмæлын нæ уыд. Мæ буар æппындæр не ‘нкъардтон, æнхъæлдтон, æмæ мæ фæстаг сахат æрхæццæ ис. Александр мæм æрбахылд, ууыл дæр схъистæ суад, фæлæ тыхджындæр цæф мæнæрдыгæй æруад. Шофыр куы нæ уыдаид, уæд ирвæзгæ дæр нал акодтаин. Госпитæлæй мæ Мæскуымæ арвыстой Бурденкойы номыл рынчындонмæ. Фараст æмæ ссæдз операцийы мын скодтой. Госпитæль æмæ Мæскуыйы рынчындонмæ мæм бæрæггæнæг цыдысты, кæм ахуыр кодтон, уыцы æфсæддон командон уæлдæр училищæйы ахуыргæнджытæ, Уæрæсе æмæ Донецкы хъæбатыр **Эдуард Казымов,** сенатор **Виталий Назаренко.**

**– Александр Соснин та цы баци?**

– Уæззау цæфты фæстæ мæ нал ауагътой сæрмагонд æфсæддон операцимæ æмæ мæ ахуыргæнæгæй кусынмæ фæхуыдтой Мæскуымæ, æфсæддон командон уæлдæр училищæмæ. Александр Соснины дæр акодтон уырдæм ахуыр кæнынмæ, цæмæй дарддæр æфсæддоны дæсныйады уæлдæр къæпхæнтæм схиза. Кæй зæгъын æй хъæуы, тынг зын мын уыдис ме ‘мбæлттæй тохы быдырæй фæцух уæвын, фæлæ мæ фадат нал амыдта.

**– Майдан «Ирыстоны Намысæн» куы райстай, уæд дæ зæрдæйы цавæр тæлмæнтæ сæвзæрд?**

– Ис мæм паддзахадон æмæ æфсæддон ведомствæты хæрзиуæджытæ. Госпитæлмæ дæр мын Виталий Назаренко майдан æрбахаста. Ирыстонмæ куы ‘рцыдтæн, уæд æнхъæл нæ уыдтæн æмæ ма мæ ноджыдæр ахæм кадджын хæрзиуæджы аккаг скæндзысты. Нæ республикæйы Сæргълæууæджы къухæй йæ райстон. Бирæ ныхас дæр фæкодтам. Сергей Меняйло йæхæдæг æфсæддон лæг у, вице-адмирал, бирæ æххуыстæ кæны фронты нæ батальонты лæппутæн.

**– Æфсæддон училищæ хуымæтæг ахуыргæнæндон нæу. Цавæр фæтк дзы ис, ирон лæппутæ уæм ахуыр кæны?**

– Мæ бæрны 125 курсанты ис, се ‘хсæн – ирон фæсивæд дæр. Сты хæрзæгъдау æмæ раззагдæрты ‘хсæн. Нæ училищæйы хицау Роман Бенюков та у æцæг хæстон лæг. Иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдис локалон хæстыты бынæтты. Махæн, командиртæн, æдзух фæдзæхсы, цæмæй биноныг нæ цæст дарæм курсанттæм, сæ цардыуагмæ, архайдмæ, ахуыр сæ кæнæм хæстон уавæртыл.

**– Георги, ды куыд æфсæддон лæг, афтæ ма дæ хъуыды зæгъ, ныры рæстæджы хæстон хæцæнгарз хъомысджындæр æмæ тæссагдæр у, æви, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цæмæй хæцыдысты, уый?**

– Хæст хæст у, хорзæй ницы хæссы адæмæн. 1941-1945 азты хæстонтæ хæцыдысты лæгæй-лæгмæ, кæрæдзийы комкоммæ, къухæй. Абон æмбаргæ дæр нæ бакæндзынæ, кæцæй дæм цы æрбатæхдзæн, уый. Уымæ гæсгæ æз афтæ зæгъдзынæн, æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæст иучысыл «фæлмæндæр» уыд. Адæм-иу сæ мæрдты базыдтой, ныры хæцæнгарзæй та адæймаг рыг фесты. Спорт æмæ хæсты дæр адæймаг хъуамæ йæ тасдзинадыл уæлахиз кæна, æндæр æй уыцы тасдзинад фæбынæй кæндзæн. Алчидæр тæрсы хæстæй, нæ тæрсы æрмæст æдылы, сонт адæймаг, фæлæ æфсæддон лæгæн хæстон «мундиры» кад сафæн нæй, цыфæнды мæлæты ахæсты куы бахауа, уæддæр кæронмæ дæ тых æмæ хъарутæ ма ‘вгъау кæн.

**– Дæ фыдыфыд Тæтæрийы хæстон фæндæгтæ бæлвырд зоныс?**

– Зонын. Бирæ фыдæвзарæнтæ бавзæрста. Уæззау цæфæй немыцмæ уацары бахауд. Грекъаг бæстæмæ сæ атардтой. Уым фашисттæн уыдис сæхи хицæн хай, фæлæ йын дзы хæрзгæнджытæ фæцис æмæ йын алидзыны хъуыддаджы баххуыс кодтой. Уым Тæтæри, грекъаг партизанты къорды уæвгæйæ, хæцыд германаг фашистты ныхмæ. Хæсты фæстæ йæ советон æфсæддон хицауад бафхæрдта, уацары кæй бахауд, уый тыххæй, æмæ йын ахæстоны фæбадыны тæрхон рахастой, фæлæ йæ фæстæдæр сраст кодтой. Уæддæр ма бинонтæ скодта. Йæ цардæмбал Хоранты Кимæимæ схъомыл кодтой æртæ сывæллоны. Тæтæри фæцард 94 азы.

**– Бузныг, Георги, дæ дзуаппытæй.**

Баскаты Георги йæ бинойнаг Аланæимæ хъомыл кæнынц гыццыл чызг. Амондджынæй байрæзæд йæ мад æмæ йæ фыды фæндиаг, Георгийæн та Стыр Хуыцау æнæниздзинад раттæд.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

# Программа телепередач с 23 февраля по 1 марта



## 23 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Д/ф «Награды России» 16+
07.00 Доброе утро 0+
10.15 Д/ф «Герои. Дыхание боя» 16+
11.10 Д/ф «Вызываю огонь на себя» 16+
12.15 Т/с «20/22» 16+
15.30 Д/ф «Василий Лановой. «Другого такого нет!» 12+
16.40, 18.20 «От героев былых времен». Концерт к 55-летию фильма «Офицеры» 0+
18.00 Вечерние новости
19.10 Х/ф «Офицеры» 0+
21.00 Время
21.35 10 историй о любви и смерти. Человек с книгой 16+
23.35 Концерт Олега Газманова «Русский мир» 12+
01.35 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
04.25 Х/ф «Свет в твоем окне» 12+
08.00, 21.10 Вести. Местное время
08.30 Х/ф «За Палыча!» 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 16.30, 20.00 Вести
11.30 Наши. Военкоры 12+
12.00, 01.50 Х/ф «Движение вверх» 6+
14.25 Песни от всей души 12+
17.20 Большой праздничный концерт, посвященный Дню защитника Отечества. Прямая трансляция
21.30 Х/ф «Кракен» 12+
23.55 Х/ф «Позывной «Пассажир» 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.00 Х/ф «Отставник» 16+
06.35, 08.20 Х/ф «Отставник. Один за всех» 16+
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 Сегодня
09.00 Д/ф «Секретная Африка. Бушмены на службе Кремля» 16+
10.20, 16.20 Х/ф «Приказа умирать не было» 16+
18.00, 19.30 Х/ф «Солдат по кличке Рекс» 16+
22.40 «Я голосую за жизнь». Юбилейный концерт Дениса Майданова 12+
01.25 Т/с «Ополченский романс» 16+
03.10 Х/ф «Отставник. Спасти врага» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00 Мультфильмы 0+
05.35, 03.15 Х/ф «Солдат Иван Бровкин» 12+
07.00 Х/ф «Максим Перепелица» 12+
08.45, 10.10, 11.35, 13.00, 14.25 Т/с «Место встречи изменить нельзя» 12+
16.05, 17.05, 18.00, 18.55, 19.50, 20.45, 21.40, 22.40 Т/с «Наш спецназ» 16+
23.25, 00.25, 01.25, 02.25 Т/с «Бывших не бывает» 16+
05.00 Известия 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Библейский сюжет 16+
07.10 М/ф «Сказка о царе Салтане» 16+
08.05 Исторические курорты России. «Чегет. Взгляд по вертикали» 16+
08.30 Х/ф «Парень из нашего города» 0+
10.00 Д/ф «Господа офицеры!» 16+
10.45 Х/ф «Эскадрон гусар летучих» 12+
13.25, 01.15 ХХ Век 16+
14.35 Д/ф «А у нас во дворе...» 16+
15.20 Д/ф «Евгений Куропатков. Монолог о времени и о себе» 16+
16.15 Х/ф «Адмирал Ушаков» 6+
17.55 Д/ф «Охота на зайцев» 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45 Нам дороги эти позабыть нельзя... 16+
21.20 Х/ф «Хроника пикирующего бомбардировщика» 0+
22.40 Опера Н.Жиганова «Джалиль» 16+
00.30 Кино о кино 16+
02.20 М/ф «Мена». «Лабиринт. Подвиги Тесея» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. UFC. Брэндон Морено против Стива Эрцега. Трансляция из Мексики 16+
07.00, 09.00 Новости
07.05, 13.20, 19.30, 00.45 Все на Матч! 12+
09.05 М/ф «Чемпионы» 6+
10.41 Д/ф «Самый лучший тренер в мире-Павел Федорыч Садырин!» 12+
10.55 Хоккей. Olimpbet Чемпионат МХЛ. «Стальные Лисы» (Магнитогорск)-«АКМ-Новомосковск». Прямая трансляция
13.55 Гандбол. SEHA-Газпром Лига. «Чеховские медведи» (Россия)-«Мешков Брест» (Белоруссия). Прямая трансляция
15.35 Громко. Прямой эфир
16.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Торпедо» (Нижний Новгород)-«Динамо» (Минск). Прямая трансляция
20.30 Наши в UFC 16+
22.35 Футбол. Чемпионат Италии. «Болонья»-«Удинезе». Прямая трансляция
01.55 Легкая атлетика. Мировой тур в закрытых помещениях. Трансляция из Польши 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. «Зенит-Казань»-»Зенит» (Санкт-Петербург) 6+

### ТВЦ
06.25 Х/ф «Застава в горах» 12+
08.10 Х/ф «Солдат Иван Бровкин» 0+
10.05, 11.45 Х/ф «Иван Бровкин на целине» 12+
11.30, 22.00 События
12.20 Х/ф «Дедушка» 16+
14.35 Т/с «Хроника гнусных времен» 16+
18.05 Х/ф «Чистосердечное призвание» 12+
22.20 Хорошие песни 12+
23.40 Д/ф «Мужские песни о главном» 16+
00.25 Актерские драмы 16+
01.05 Х/ф «Колодец забытых желаний» 12+
04.00 Д/ф «90-е» 18+
04.45 Д/ф «Русские тайны» 16+
05.25 Д/ф «Михаил Ульянов. Горькая исповедь» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 01.15 Х/ф «Родня» 16+
08.20, 02.50 Х/ф «Не могу сказать «прощай» 16+
10.15 Х/ф «Любить» 16+
14.40 Х/ф «Я найду тебя через года» 16+
19.00 Х/ф «Без права на любовь» 16+
23.30, 05.00 Х/ф «Любимая» 16+
04.15 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30 Новости 16+
08.45 М/ф «Три богатыря и Шамаханская царица» 12+
10.10 М/ф «Три богатыря на дальних берегах» 0+
11.30, 12.45 М/ф «Три богатыря. Ход конем» 6+
13.20 М/ф «Три богатыря и Морской царь» 6+
14.45 М/ф «Три богатыря и наследница престола» 6+
16.45 М/ф «Конь Юлий и большие скачки» 6+
18.10 М/ф «Три богатыря и конь на троне» 6+
20.00 М/ф «Три богатыря и Пуп Земли» 6+
21.40 М/ф «Иван Царевич и Серый Волк-6» 6+
23.20 М/ф «Три богатыря и принцесса Египта» 6+
00.45 Тайны Чапман 16+

### СТС
06.00, 05.05 М/ф «Маша и медведь» 0+
06.50 М/ф «Суворов. Великое путешествие» 6+
08.25 М/ф «Синдбад. Пираты семи штормов» 6+
10.05 М/ф «Ганзель и Гретель. Миссия спящая красавица» 12+
12.05 Х/ф «Сто лет тому вперæд» 12+
15.00 Т/с «Ландыши. Вторая весна» 16+
22.25 Х/ф «Сводишь с ума» 16+
00.35 Х/ф «Лæтчик» 16+
02.20 Х/ф «Дыхание» 16+
03.55 Х/ф «Буль и Билл» 6+

### ТНТ
07.00, 03.10, 03.55, 04.45 Однажды в России 16+
07.20 Х/ф «Не одна дома» 6+
09.00 Выжить в Стамбуле 16+
11.30 Х/ф «Бременские музыканты» 6+
13.40 Х/ф «Домовенок Кузя» 6+
15.35 Х/ф «Соловей против Муромца» 12+
18.00 Х/ф «Семьянин» 16+
20.00 Т/с «Батя-2. Дед» 16+
22.00 Х/ф «Батя» 16+
23.20 Х/ф «Дыхание шторма» 16+
01.10 Х/ф «Крейсер» 18+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+
05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+

## 24 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 10 историй о любви и смерти. Торнадо 16+
00.10 Время героев 16+
01.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.50 Х/ф «Позывной «Пассажир» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Я буду помнить» 16+
00.05 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.40, 03.30 Т/с «Ключ от всех дверей» 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Первый отдел» 16+
22.15 Х/ф «Свои. Баллада о войне» 16+
00.30 Захар Прилепин. Уроки русского 12+
01.05 Т/с «Ополченский романс» 16+
02.50 Т/с «Фальшивый флаг» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.25, 06.00, 06.45, 07.25, 09.30, 16.05, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.00, 13.00, 17.00, 05.00 Известия 16+
09.40, 10.25, 11.20, 12.05, 13.30 Т/с «Великолепная пятерка» 16+
14.20, 15.15 Т/с «Великолепная пятерка-2» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.25, 21.25, 02.05, 02.45, 03.20, 04.00 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 18.45 Д/ф «Башня». «Обитель Сивиллы» 16+
07.20 Диалоги о животных 16+
08.05 Д/ф «Князь Потемкин. Свет и тени» 16+
08.35 Х/ф «Мой нежно любимый детектив» 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.15 ХХ Век 16+
12.15 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.00 Д/ф «Перо и шпага. История одной авантюры» 16+
13.30 Х/ф «Хроника пикирующего бомбардировщика» 0+
14.55 Кристальные истории 16+
15.15 Встреча на вершине 16+
15.40 Д/ф «Дитмар Розенталь. Человек-грамматика» 16+
16.30 Эрмитаж 16+
17.15 Знаменитые инструментальные концерты 16+
18.05, 02.15 Д/ф «Самсон Неприкаянный» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
22.15 Х/ф «Клуб Самоубийц, или Приключения титулованной особы» 0+
23.20 Д/ф «Стоп! Сшито! Костюм в кино» 16+
00.10 Х/ф «Рожденная революцией» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 15.00 Непобедимый 12+
06.30 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.30 Новости
07.05, 11.30, 15.35, 00.05 Все на Матч! 12+
09.05 Лица страны 12+
09.25, 03.00 Лучшие из лучших 12+
10.25, 01.00 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 02.00 География спорта 12+
16.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Металлург» (Магнитогорск)-«Северсталь» (Череповец). Прямая трансляция
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Локомотив» (Ярославль)-«Динамо» (Москва). Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. 1/2 финала. Прямая трансляция из Москвы
02.30 Матч! Парад 16+
03.55 Новости 0+
04.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Бетсити Парма» (Пермский край)-«Зенит» (Санкт-Петербург) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Я знаю твои секреты» 12+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.05 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Метод уборщицы» 12+
16.55 Д/ф «Настоящий детектив» 16+
18.10 Х/ф «Чистосердечное призвание-2» 12+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Горький аншлаг» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Русские тайны» 16+
01.30 Д/ф «Расстаться врагами» 16+
02.10 Д/ф «90-е» 18+
04.20 Д/ф «Увидеть Америку и умереть» 16+
05.40 Москва резиновая 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.30, 23.15 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.40, 00.25 Д/с «Порча» 16+
12.45, 01.20 Д/с «Знахарка» 16+
13.20, 01.45 Д/с «Верну любимого» 16+
13.55, 02.15 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.30 Х/ф «Позови меня с собой» 16+
19.00 Х/ф «Виновница» 16+
04.20 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.00, 04.35 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 100 вопросов обо всем 16+
17.00, 01.55 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Мотылек» 16+
22.35, 23.25 Х/ф «Экспат» 16+

### СТС
06.00, 05.15 М/ф «Маша и медведь» 0+
07.55 М/ф «Садко» 6+
09.35 Тайный миллионер 16+
12.05, 19.00, 19.30 Т/с «Солнце, море, два ствола» 16+
20.00 Х/ф «Крутые меры» 16+
21.55 Х/ф «Взрывная игра» 16+
23.55 Х/ф «Игры возмездия» 18+
01.30 Х/ф «Выживший» 18+
03.50 Х/ф «Танцуй отсюда!» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 18.50, 19.10, 19.40, 20.10, 20.40, 21.05, 21.35 Т/с «Праздники» 16+
22.00 Х/ф «На солнце, вдоль рядов кукурузы» 12+
00.00 Х/ф «Мажор в Сочи» 18+
02.00 Х/ф «Выстрел в пустоту» 18+
03.50, 04.35 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 25 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.45 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Ландыши» 16+
00.55, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.40, 03.30 Т/с «Ключ от всех дверей» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Я буду помнить» 16+
00.05 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.35, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Первый отдел» 16+
22.10 Т/с «Лепила» 16+
00.30 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.05 Т/с «Ополченский романс» 16+
02.50 Т/с «Фальшивый флаг» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.25, 05.40, 06.20, 07.00, 07.45, 09.30, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
08.30 Стройнадзор 16+
09.00, 13.00, 17.00, 05.00 Известия 16+
09.40, 10.25, 11.20, 12.10, 13.30, 14.20 Т/с «Великолепная пятерка» 16+
15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-2» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.55, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.20 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 18.45 Д/ф «Башня». «Так жили поэты...» 16+
07.20 Диалоги о животных 16+
08.05 Д/ф «Князь Потемкин. Свет и тени» 16+
08.35 Кристальные истории 16+
08.50, 22.15 Х/ф «Клуб Самоубийц, или Приключения титулованной особы» 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.30 ХХ Век 16+
11.50, 02.05 Д/ф «Богиня танца. Марина Семенова» 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.00 Д/ф «Перо и шпага. История одной авантюры» 16+
13.25, 00.10 Х/ф «Рожденная революцией» 16+
14.40 Д/ф «Заветный камень Бориса Мокроусова» 16+
15.20 Встреча на вершине 16+
15.50 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15 Знаменитые инструментальные концерты 16+
18.15 Д/ф «Вологда. Усадьба Брянчаниновых» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Абсолютный слух 16+
21.30 Власть факта 16+
23.20 Д/ф «Стоп! Сшито! Костюм в кино» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Лыжные гонки. ФосАгро Чемпионат России. Женщины 10 км. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска
08.00 Лыжные гонки. ФосАгро Чемпионат России. Мужчины 10 км. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска
10.25, 01.00 Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура 6+
11.30, 15.35, 18.25, 00.05 Все на Матч! 12+
12.35 Специальный репортаж 12+
12.55, 15.30 Новости
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 02.00 Вид сверху 12+
15.00 Непобедимый 12+
16.25 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. «Динамо-Урал» (Уфа)-«Нова» (Новокуйбышевск). Прямая трансляция
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. ЦСКА-«Нефтехимик» (Нижнекамск). Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. 1/2 финала. Прямая трансляция из Москвы
02.30 Магия большого спорта. Синхронное плавание 12+
03.00 Лучшие из лучших 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. «Белогорье» (Белгород)-МГТУ (Москва) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Я знаю твои секреты» 12+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Метод уборщицы» 12+
16.55 Д/ф «Настоящий детектив» 16+
18.10 Х/ф «Чистосердечное призвание-3» 12+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Д/ф «90-е» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Дело союзного значения. Охота на сердцееда» 16+
01.30 Знак качества 16+
02.10 Д/ф «Следствие ведет КГБ» 16+
04.20 Д/ф «Список Брежнева» 16+
05.30 Д/ф «Большое кино» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.45 Тест на отцовство 16+
10.25, 23.20 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.30, 00.30 Д/с «Порча» 16+
12.35, 01.25 Д/с «Знахарка» 16+
13.10, 01.50 Д/с «Верну любимого» 16+
13.45, 02.20 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.20 Красивая и счастливая 45+ 16+
14.35 Х/ф «Чужая ошибка» 16+
19.00 Х/ф «Стокгольмский синдром» 16+
04.25 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.10, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 СОВБЕЗ 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 01.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Багровая мята» 16+
21.55, 23.25 Х/ф «Ангел мести» 16+

### СТС
06.00, 04.40 М/ф «Маша и медведь» 0+
08.05 Т/с «Трешка» 16+
16.20, 19.00, 19.30 Т/с «Солнце, море, два ствола» 16+
20.00 Х/ф «Мидуэй» 16+
22.45 Х/ф «Иностранец» 16+
00.55 Х/ф «24 часа на жизнь» 18+
02.25 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
03.10 Х/ф «Слон по имени Бенджамин» 12+

### ТНТ
